ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№65 (24.347) • 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 4, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# Зи плъапIэхэр нахуапIэ хъуахэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек мэкъуауэгъуэм и 2-м Москва щахуэзащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Большая перемена» урысейпсо фестивалым ди щIыналъэм и цIэкIэ мы махуэхэм хэт егъэджакIуэхэмрэ школакIуэхэмрэ.**



ФЕСТИВАЛЫМ я зэфIэкIхэр щагъэлъагъуэ республикэм и сабий, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэу Тырныауз къалэм и гимназие №5-м и 11-нэ классым щIэс Абулькин Тамирлан, Налшык къалэм Къудащ Е.П. и цIэр зезыхьэ и гимназие №14-м и 10-нэ классым щIеджэ Бетрожь Тимирлан, Бахъсэн къалэ округым и курыт еджапIэ №6-м и 9-нэ классым щIэс Иуан Аскэр, творчествэмкIэ сабийхэм я «ДыгъафIэ къалэ» академием и лIыкIуэ Канунниковэ Еленэ, Прималкэ къуажэм и школым и 10-нэ классым щеджэ Карачихинэ Каринэ, Налшык къалэм дэт гимназие №29-м и 10-нэ классым щIэс Лян Алексей, Чёрнэ Речкэ къуажэм щыщ еджакIуэ Шондыкъу Белэ сымэ. Конкурсым хэтыну апхуэдэу пхыкIащ сурэт щIыным хуезыгъаджэ ГъукIэпщ Марьянэрэ урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ ХьэщIэрылI Каринэрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а зэIущIэр зэрекIуэкIам щытепсэлъыхьыжащ телеграм-каналым щиIэ напэкIуэцIым. «НыбжьыщIэхэм езыхэм гукъыдэж зэращIам тету дэ Ут Плъыжьым къыщыткIухьащ, ди школакIуэхэм конкурсым къыщыхалъхьа проектхэм дытепсэлъыхьащ. Мы зэпеуэр ирагъэкIуэкIыну къэзыIэтахэм я жэрдэмыр ядиIыгъащ ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм. «Большая перемена» зэщIэхъееныгъэр къэралым и жылагъуэ сабий-щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэ хъунущ. Абы теухуа законопроектым иджыпсту Къэрал Думэр хоплъэ.



Проектым Къэбэрдей-Балъкъэрми щIэгъэхуэбжьауэ зыщеужь»,- итхащ республикэм и Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ зэщIэхъееныгъэм хэтхэм егъэджэныгъэр, волонтёр лэжьыгъэр, туризмэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ къыхалъхьэ жэрдэмхэмрэ проектхэмрэ ягъэзэщIэнымкIэ сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуныгъэ зэрагъуэтынур.

Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я фестивалым и къызэгъэпэщакIуэу къэуващ ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ федеральнэ агентствэр, Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэр, Москва и Правительствэр, фейдэ къэлэжьыным пымыщIа «Большая перемена» организацэ пыгъэщхьэхукIар. Апхуэдэу фестивалыр егъэкIуэкIынымкIэ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм къадоIэпыкъу «ЩIэныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэр, фейдэ къэлэжьыным пымыщIа «Урысейр зэфIэкIхэм я къэралщ» организацэ пыгъэщхьэхукIар, «ШколакIуэхэм я урысей зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ-къэрал сабий-ныбжьыщIэ организацэр.

Мы зэщIэхъееныгъэм Урысейм и щIыналъэхэм щыщ сабийрэ ныбжьыщIэу 8000-м щIигъу къызэщIиубыдащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и щIалэгъуалэ проектыр пхигъэкIащ, финалым кIуащ икIи фестивалыр къызэзыгъэпэщахэм Москва ирагъэблэгъащ. ХьэщIэхэр лекцэхэм едэIуащ, мастер-классхэм хэтащ. «Сабийхэм я павильон» утыкум щIалэгъуалэм щагъэлъэгъуащ Урысейм и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм зегъэужьыным тещIыхьауэ ягъэхьэзыра проектхэр.

«Большая перемена» фестивалым хэтхэм захуигъэзащ Урысейм и Президент Путин Владимир. «Фэ псори зы къупхъэм къикIам хуэдэу фызэщхьу щымытми, дэтхэнэри фыхущIокъу фи зэфIэкI нэхъыщхьэ дыдэхэр къэвгъэлъэгъуэну, ди къэралым, фи Хэкум ипэжыпIэкIэ сэбэп къыхуэфхьыну. ИкъукIэ гъуэзэджэщ фестивалым и фIыгъэкIэ фызэрызэрыцIыхуар, фызэрызэрыщIар, куэдкIэ фызэрызэщхьыр зэрыфлъэгъуар, щIэ гуэрхэм щыгъуазэ фызэрыхъуар. Фи щIэблэм, фэ фщыщ дэтхэнэми фызыхуей псори фиIэщ къэкIуэну зэманым хуэфащэу, егугъуныгъэ, жэуаплыныгъэ фхэлъу, Хэкур фIыуэ флъагъуу, щIэныгъэм фи гур зэIухауэ зыр адрейм дэIэпыкъуну фыхьэзыру фыщытын папщIэ. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу фи плъапIэ псори къызэрывэхъулIэнур», - къыхигъэщхьэхукIащ къэралым и Iэтащхьэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Бадзэуэгъуэ мазэр къэсыху

**Бгы-лыжэ спортым дихьэххэм я зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр щиухынур бадзэуэгъуэм и 3-м нэсыху ягъэIэпхъуащ. Апхуэдэ унафэ иджыблагъэ къыщащташ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Iуащхьэмахуэ» курортым. Мы щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэм дихьэххэм папщIэ хаша Гарабаши-Мир гъуэгур ди къэралым и щIыпIэ нэхъ лъагэ дыдэхэм хеубыдэ. Абы зыщызыгъэпсэхухэм кIапсэ гъуэгум и уасэмкIэ худачых икIи абонементхэр нэхъ пуду иращэ.**



ИДЖЫПСТУ лыжэ къэжыхьыпIэм уэсышхуэ телъщ икIи абы пщэдджыжь нэхулъэм щегъэжьауэ зыщагъасэ бгы-лыжэ спортымкIэ урысей командэ къыхэха зыбжанэм хэтхэм. Пэжщ, курортым и лэжьыгъэр къыгуэхыпIэ имыIэу дунейм и щытыкIэм пыщIащ. ЗыгуэркIэ зэуэ хуабэ хъумэ, лыжэ къэжыхьпIэхэр нэхъ пасэу зэхуащIынкIэ хъунущ. Ауэ лэжьыгъэхэм я екIуэкIыкIэр илъэс зыбжанэм тещIыхьауэ къапщтэмэ, мы гъэми уэсыр куэдрэ телъыну ущыгугъ хъунущ. Псалъэм папщIэ, щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэр нэгъабэ махуэ 240-кIэ екIуэкIащ икIи ар щиухар бадзэуэгъуэм и 4-рщ.

ЛыжэкIэ къэжыхьыным къыдэкIуэу, гъэмахуэ хъуащи альпинизмэм, туризмэм дихьэххэр къызэхуос. Ахэр бгыщхьэхэм докI, Терскол псыхъуэм щыхаша турист гъуэгухэм, «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркым къыщакIухь. Нэхъ зэфIэкI зыбгъэдэлъ альпинистхэм Iуащхьэмахуэ и щыгум, адрей лъагапIэ хэIэтыкIахэм зэрыдэкIынум зыхуагъэхьэзыр.



## Фыдогъэблагъэ!

***<u>Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизион</u>***

***ЩэщIрэ еплIанэ джэгугъуэ***

**«Спартак-Налшык» - СКА (Дон Iус Ростов)**

***Налшык. «Спартак» стадион.***

***Мэкъуауэгъуэм и 5.***

***Сыхьэт 16-м***



# Налшык и Мей хьэблэр

**КъБР-м и Iэтащхьэр лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва щыIущIащ ДОМ.РФ-м и унафэщI Мутко Виталий**.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэ ухуэныгъэхэр зэрыщекIуэкIым, федеральнэ щIыхэр къызэрагъэсэбэпым, аукционхэр къызэрызэрагъэпэщым, социальнэ объектхэр щаухуэну щIы Iыхьэхэр пщIэншэу зэрыратым, ПсэупIэ-ухуэныгъэ кооперативым и проектхэр зэрагъэзащIэм.

Щхьэхуэу и гугъу ящIащ республикэр ДОМ.РФ-м и гъусэу япэу зи ужь ихьа проект иным – «Мей» фIэщыгъэр зиIэ иджырей хьэблэ цIыкIу Налшык щыухуэным. НэхъапэкIэ зэрызэгурыIуахэм тету лэжьыгъэхэр Iыхьэ-Iыхьэу зэпыудауэ зэуэ унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ ирагъэкIуэкI. Ухуэныгъэм хухаха щIыналъэм щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм теухуа япэ аукционыр мэкъуауэгъуэм и кIэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэщыну траухуащ.

- Мей районым хуэдэ проект япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэу аращ. Проектыр ДОМ.РФ-мрэ щIыналъэ властымрэ зэгъусэу ягъэзэщIэнущ. ЩIыпIэ къыхахам ухуэныгъэхэр зэрыщекIуэкIынур УФ-м ухуэныгъэмкIэ и министерствэмрэ ДОМ.РФ-мрэ зэгъусэу зэхалъхьа, ЩIыналъэхэм комплекснэу зегъэужьынымкIэ щыIэ мардэхэм тету яубзыхуащ. Проектыр щагъэзащIэкIэ къагъэсэбэп ДОМ.РФ-м и Iэмал зэхуэмыдэхэр, ухуэныгъэр нэхъ псынщIэу щIэдзэным, инвесторхэм я мылъкуу трагъэкIуадэр гъэмэщIэным, щIыналъэм зегъэужьыным икIи къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьэным хуэунэтIауэ, - къыхигъэщащ Мутко Виталий.

Иджырей убзыхуныгъэхэм къызэрыщагъэлъагъуэмкIэ, зы унэм и щIыхьэпIэхэм яIэ къат бжыгъэхэр зэхуэдизкъым, ухуэныгъэхэм я пщIантIэхэм машинэхэр щыплъагъунукъым, къищынэмыщIауэ, социальнэ объектхэр дащIыхьынущ. Гектар 15,5-рэ хъу щIыналъэм метр зэбгъузэнатIэу мин 84-рэ хъу псэупIэхэр щаухуэнущ. МикрорайонымщIэм поликлиникэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр, апхуэдэуи узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж физкультурэ комплекс дащIыхьыну я мурадщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм Мутко Виталийрэ «ДОМ.РФ-м и лэжьакIуэ гупымрэ фIыщIэ яхуищIащ щIыналъэм къыщыхалъхьэ жэрдэмхэр сыт и лъэныкъуэкIи къызэрыдаIыгъым икIи ахэр гъэзэщIа хъунымкIэ зэгурыIуэу зэрызэдэлажьэм папщIэ.

- ДОМ.РФ-м нэхъапэкIи пыщIэныгъэ худиIащ, абы къэрикIуахэми арэзы дыкъищIащ. Нобэрей зэIущIэм дыщытепсэлъыхьащ Налшык и инфраструктурэ проектхэм хэтлъхьэн мылъку иджыри дызэрыхуейм, абы и лъэныкъуэкIэ Iуэхугъуэ зыбжанэкIи зэгурыIуэныгъэхэр зэтщIылIащ. Ахэри псэупIэ ухуэныгъэхэм пытщэным дытезыгъэгушхуэ хэкIыпIэфIщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм кърикIуам ипкъ иткIэ.

# Къэрал мылъкур къызэрагъэсэбэпыр

**Москва къалэм иджыблагъэ лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Къэрал мылъкур зехьэнымкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Яковенкэ Вадимрэ. Абыхэм я зэпсэлъэныгъэр теухуауэ щытащ республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэ зыбжанэм щызэдэлэжьэным.**

АБЫХЭМ хиубыдэу къыхагъэщхьэхукIащ инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным ехьэлIауэ щIы Iыхьэхэр федеральнэ мылъкум къыхагъэкIыу муниципалитетхэм я мылъкум хэгъэхьэныр.

ЛъэныкъуитIми жаIащ федеральнэ агентствэмрэ республикэмрэ зэуIуу зэрызэдэлажьэр икIи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэ зэфIэкIыр къэIэтыным зэрыхуэунэтIар.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ куэд зэрызэфIагъэкIам папщIэ дамыгъэхэр етын «Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм Краснодар дэт и университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал кIэзонэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм Урысейм и МВД-м и лэжьакIуэхэм я IэщIагъэм щыхагъахъуэ и Кавказ Ищхъэрэ институтым мы къыкIэлъыкIуэ и лэжьакIуэхэм:

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр***

**Чэрим Амур Владимир и къуэм** - IэщIагъэм хуегъэджэжынымрэ щIэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ факультетым и унафэщIым

**Настуев Исса Мухьэмэд и къуэм** - тылымкIэ унафэщIым;

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр яфIэщын***

**Голяндин Николай Пётр и къуэм** - дисциплинэ хэхахэмкIэ кафедрэм и профессорым

**Махуэ Эдуард Мухьэдин и къуэм** - институтым и унафэщIым и къуэдзэм

**Хьэмгъуокъу Мурадин Мухьэмэд и къуэм** - Iэщэ IуэхухэмкIэ кафедрэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм накъыгъэм и 27-м*
*№50-УГ*

# Электроэнергетикэм зегъэужьыным сом мелард 1,6-м щIигъу трагъэкIуэдэнущ

**КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ Москва щыхуэзащ «Россети» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и генеральнэ директор Рюмин Андрей. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ди республикэм и электросетхэм зегъэужьынымкIэ щыIэ зэфIэкIхэм, абы хуэунэтIауэ лъэныкъуитIми я къарур зэгъэуIуным, апхуэдэу энергетикэм и IэнатIэр туристхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къыщызэIуахыну лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым.**

КIУЭКIУЭ Казбек «Россети» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и унафэщI Рюмин Андрей фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ зэрыхъум папщIэ. «Энергетикэм и инфраструктурэ зызыужьа икIи зэблэу къыхэмыкIыу лажьэ зэтегъэувэныр промышленностым, туризмэм, мэкъумэш хозяйствэм, транспортымрэ гъуэгухэмрэ зегъэужьынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Аращ куэдкIэ зэлъытауэ щытынур республикэм инвестицэхэр къызэщIэгъэуIуэнымкIэ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ иригъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр», - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм. Абы къыхигъэщхьэхукIащ электросетхэр зезыхьэ компание нэхъ ин дыдэм щIыналъэр зэрыдэлажьэм и мыхьэнэр икъукIэ зэрыиныр.

«ЦIыхухэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къыщыблэгъа мы лъэхъэнэм «Россети» зэгухьэныгъэм хэхауэ и нэIэ тригъэтщ курортхэр электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ инфраструктурэр зэрызэрахьэм. А зэманым ирихьэлIэу зыхуей хуэдгъэзэжащ Налшыкрэ IуащхьэмахуэлъапэрэясанаторэхэрадрейзыгъэпсэхупIэхэрэнергиекIэ къызэзыгъэпэщ подстанцхэр. Абы щIыгъуу лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ республикэм и сетхэр зэблэу къыхэмыкIыу зэрылэжьэным хуэгъэхьэзырыным. А Iуэхугъуэхэм адэкIи пащэнущ икIи абыхэм трагъэкIуэдэн папщIэ республикэм мы гъэм сом мелард 1,6-рэ хухэтхынущ. Иджыпсту дэ къытпэщыт Iуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ щIэуэ къызэрагъэпэщыж Тырныауз комбинатым и энергетикэ инфраструктурэр зэтегъэувэныр», - жиIащ Рюмин Андрей.

Апхуэдэу псалъэмакъым къыхэщащ электроэнергетикэм иIэ кIэрыхур гъэмэщIэным теухуа Iуэхухэр. Абы папщIэ республикэм и жылагъуэхэм иджырей къызэрабж Iэмэпсымэхэр щагъэув, дунейм и щытыкIэм емылъытауэ энергиер кIэрыхуншэу зыхъумэ кIапсэхэр яукъуэдий.

***КъБР-м и Iэтащхьэрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 4, *щэбэт***

♦**Бийр къащытеуам хэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1943 гъэм** Налшык щекIуэкIащ фашистхэм я бийуэ республикэм и цIыхубзхэм къызэрагъэпэща пэкIур.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 – 30, жэщым градус 18 – 19 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 5, *тхьэмахуэ***

♦**Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым и дунейпсо махуэщ**

♦**1928 гъэм** къалъхуащ журналист, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым мэкъумэшымкIэ и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта **Бекъан Чыланий**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ **Хъунэгу Нуриет**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и мелиоратор **Мамхэгъ Алексей**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, публицист **Бещтокъуэ Хьэбас**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ радиожурналист **Къудей Лидэ**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор **Мамбэт Мурадин**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ФиIэпщэ Владимир**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 – 29-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 6, *блыщхьэ***

♦**Урысыбзэм и махуэщ**. 2010 гъэм ООН-м Жылагъуэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и департаментым и жэрдэмкIэ ягъэуващ. УФ-м щагъэлъапIэ 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфI **Апажэ Ахьмэд**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, ГъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием и академик, УФ-м метеорологиемкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Хьэжбарэ**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 – 27-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Захуэм хабзэр и телъхьэщ.**

# Экономикэр ефIэкIуэнукъым, хьэрычэт Iуэхум зимыужьмэ

**КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и зэIущIэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ республикэм хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зэрызыщаужьым.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр **Iэхъубэч Щамил**, депутатхэр, министерствэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр.

Жанатаев Сэлим къыIэта Iуэхум и мыхьэнэр къыхигъэщащ икIи къыззэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ гъатхэпэм и 5-м республикэм и экономикэ, социальнэ зэпIэзэрытыныгъэм теухуа лэжьыгъэр гъэзэщIэнымкIэ зэзыгъэуIу штабыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и унафэкIэ къызэрызэрагъэпэщар. КъищынэмыщIауэ, накъыгъэм и 5-м къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэ зыужьыныгъэм дунейпсо политикэмрэ санкцэхэм къаша лъэпощхьэпохэмрэ зэран хуэмыгъэхъуным хуэгъэза Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу 70 къызыщыгъэлъэгъуа дэфтэрыр. Ахэр 2022 гъэм и кIэ пщIондэ ягъэзэщIэн хуейщ.

Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** жиIащ хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ щIэгъэкъуэн ямыIэу, сыт хуэдэ щIыналъэ къапщтэми, абы и экономикэм зэрызимыужьынур. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэшхуэ щыхуащI хьэрычэт Iуэху мыинри курытри зэрырагъэфIэкIуэнум.

Iуэхур зытетым теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ**.

Зыуэ щыт реестрым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, накъыгъэм и 10-м ирихьэлIэу, хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ йолэжь цIыху 19679-рэ: хьэрычэтыщIэу 14366-рэ, IуэхущIапIэу - 5313-рэ. Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ пэрытым, хьэрычэтыщIэхэмрэ зи щхьэ телэжьэжхэмри абыхэм яхэту къапщтэмэ, псоми я бжыгъэр 2022 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу цIыху 58702-рэ мэхъу. Дызэрыт илъэсым накъыгъэм и 1-м къызэрапщытамкIэ, цIыху мин 30-м щIигъум къагъэсэбэп «И лэжьыгъэм къыпэкIуэ налог» тыкIэр. Абыхэм ящыщу цIыху 29 367-р я щхьэ телэжьэжхэращ, адрейхэр - хьэрычэтыщIэщ.

Белецкая Ольгэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ защIэгъэкъуэным теухуауэ щащIэм.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, 2022 гъэм «Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ, хьэрычэтыщIэхэм защIэгъэкъуэным и IуэхукIэ» лъэпкъ проектым сом мелуани 139,9-рэ хухахащ: федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 138,5-рэ, республикэм и мылъкуу - сом мелуан 1,4-рэ. КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм игъэзащIэ Iуэхухэм сом мелуан 67,3-рэ тещIыхьащ, КъБР-м МэкъумэшымкIэ Iэнатэ и министерствэм - сом мелуан 72,6-рэ.

Санкцэхэр зэран щыхъу зэманым щIалэгъуалэ хьэрычэт Iуэхум зэрызыщIагъакъуэ Iэмалщ зи ныбжьыр илъэс 14 - 22 хъухэм ящыщу я лэжьыгъэм къыпэкIуэ хэхъуэм техьэ налогыр зэрыщхьэщатыкIыр къэзэзыгъэлъэгъуахэм мазэ къэс зэрагъэгушхуэ онлайн-акцэр. Къапщтэмэ, 2022 гъэм и кIэ пщIондэ сом мини 100 зырыз щагъэувыну Iуэхугъуэ 40 ирагъэкIуэкIынущ.

Белецкая Ольгэ къытеувыIащ КъБР-м и ШэсыпIэ фондыр, «КъБР-м хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ кредит мащIэ езыт фондыр», «Хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ я корпорацэр» зэлэжь Iуэхухэми. Абы жиIащ экономикэм епхауэ лажьэ IуэхущIапIэхэр къызэрапщытар икIи абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2022 гъэм и япэ мазищым лэжьыгъэхэр хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэу ягъэзэщIащ. Псалъэм папщIэ, экспорт Iуэхухэр 2021 гъэм и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ, процент 18,6-кIэ нэхъыбэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм хуэгъэза Iуэхухэм мылъку къыхэгъэлъхьэнымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм къыщытеувыIэм, Белецкая Ольгэ къыхигъэщащ абы теухуауэ «КъБР-м и инвестицэ Iуэхухэм ятеухуауэ» республикэ Закон №23-мрэ нэгъуэщI хабзэхэмрэ зэрыщыIэр. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуахэм тету, инвестицэ проект 11-мкIэ IуэхущIапIэу 10-м я мылъкум техьэ налогымкIэ худэчыххэр яIащ. Абыхэм япкъ иткIэ, республикэм и экономикэм инвестицэу сом мелард 16,5-рэ къыхрагъэлъхьэфащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэ проектхэр щыгъэзэщIэным хуэгъэзауэ ахъшэ щIыхуэ етын папщIэ, УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм къиутIыпщащ сом меларди 2,9-рэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м зыужьыныгъэмкIэ и IуэхущIапIэхэр» АО-м и лэжьыгъэм. Ар 2006 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ. 2021 гъэм IуэхущIапIэм и нэIэм щIэтащ сом мелард 14,5-рэ зи уасэ проект 40.

Къэпсэлъар къытеувыIащ КъБР-м и ШэсыпIэ фондыр хэту, промышленностым елэжьхэм зэрадэIэпыкъумрэ «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зыужьыныгъэр» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ къэралым инвестицэ Iуэхум зэрызригъэужь IэмалхэмрэI. Иужьрейм теухуауэ Белецкэм къыхигъэщащ 2016 гъэм къыщыщIэдзауэ 2020 гъэ пщIондэ а къэрал дэIэпыкъуныгъэм и фIыгъэкIэ инвестицэ проект ину 10, сом меларди 3,5-рэ текIуадэу, зэрагъэзэщIар.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэс къэс жыджэру хэтщ Проектыщ Iэхэр кIуэцIрыгъэкIынымкIэ агентствэм УФ-м и щIыналъэхэм я инвестицэ Iуэхухэр зыщыхуэдэр къигъэлъагъуэу иригъэкIуэкI Лъэпкъ рейтингым. Апхуэдэу 2021 гъэм зи Iуэхухэр нэхъыфI щIыналъэ 40-м хэхуащ ди республикэр.

КъБР-м зезыгъэужь корпорацэм и лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ IуэхущIапIэм и генеральнэ унафэщI **Чочаев Ахьмэт**. Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ я зыужьыныгъэм санкцэхэр зэран зэрахуэхъу щIыкIэмрэ а IэнатIэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ щIыналъэм къыщагъэсэбэп IэмалхэмрэI я гугъу ищIащ Хьэрычэтыщ Iэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэм и лIыкIуэу КъБР-м щыIэ **Кербиевэ Мадинэ**. И Iуэху еплъыкIэр зэIущIэм къыщигъэлъэгъуащ Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ тегъэщIа «Опора России» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Къылъшыкъуэ Альберт**. Абы къыхигъэщащ коронавирусым зыщиубгъу зэманым КъБР-м и Правительствэм къэралым щыIэ дэIэпыкъуныгъэ псори и чэзум къызэригъэсэбэпар икIи ахэр зэригъэзэщIамкIэ республикэм 14 - 15-нэ увыпIэхэр Урысейм щиIыгъщ. Къэпсэлъам къыхигъэщащ лъэпощхьэпохэм зэращыщыр хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ ират кредитым зэрыкIэрыхуар.

Апхуэдэуи зэIущIэм къыщыхагъэщащ республикэм хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ къыщызэзыгъэпэщхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыщыхъуар. ЩытыкIэр ирагъэфIэкIуэжын папщIэ, апхуэдэхэм я лэжьыгъэр тэмэму зэрырагъэкIуэкIыну IэмалхэрI къахуэзгъэпэщын хуейщ. Депутатхэр тепсэлъыхьащ Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр ухуэным, Налшык къалэм и «КъуэкIыпIэ», «Мей» хьэблэщIэхэм ухуэныгъэхэр щегъэкIуэкIыным, Шэджэм районым щIы гектари 100 къызэщIэзыубыдэ хуабэщ зэрыщащIынум теухуа проектхэр зэрагъэзащIэм, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм щыжаIахэр къэлъытауэ, республикэм и министерствэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ зэлэжьынухэр къыщыгъэлъэгъуа унафэр къащтащ.



**БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.**

# Унэжьхэм цIыхухэр къыщIагъэIэпхъукI

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий дыгъуасэ зи чэзу зэIущIэр ригъэкIуэкIащ. Абы Iуэхугъуи 10-м щIигъум щыхэплъащ.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр тезыгуашэхэмрэ ар къызыIэрыхьэхэмрэ яхуэгъэза къэрал къэпщытэныгъэр зэрекIуэкIым 2022 гъэм щIэуэ халъхьэнум теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр.

«КъБР-м щыпсэу цIыхум и къэрал дэфтэрхэр зэратх щIыкIэр къызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм къытеувыIащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**. Абы зэрыжиIамкIэ, дэфтэрым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэр теухуащ Къалэн куэд зыгъэзащIэ центрхэм я Iуэхутхьэбзэхэм Iуэхугъуэ зыбжанэ зэрыдащIагъум, сабий къалъхуам и щыхьэт тхылъымрэ цIыхур дунейм зэрехыжам теухуа дэфтэрымрэ гъэхьэзырыныр яхэту.

КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ арэзы техъуащ МэкъумэшIэнатIэр, промышленностыр, сатур, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ бжыгъэ зыужьыныгъэмрэ зэпIэзэрыту лэжьэным къызэгъэпэщынымкIэ оперативнэ штабым цIыхуитI - Ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъыныгъэмкIэ федеральнэ IэнатIэм и управленэу Меркъул Дмитрийрэ ЩIыуэпсыр къызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ IэнатIэм и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Шевченкэ Тамарэрэ - хагъэхьэным.

Республикэ унафэщIхэм къащтащ «2022 - 2025 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жыы хъуа и унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIын» республикэ программэм арэзы техъуэным теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** зэрыжиIамкIэ, я мурадыр ущыпсэу мыхъуну унэхэм цIыхухэр 2025 гъэм фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу къыщIагъэIэпхъукIынырщ. 2017 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2021 гъэм щIышылэм и 1 пщIондэ фэтэр куэду зэхэт унэу 19 кхъахэу къалъытащ (псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 15613-рэ мэхъу). Абыхэм я пэш 623-м щIэс цIыху 1823-р къыщIагъэIэпхъукIынущ 2025 гъэ пщIондэ.

- Программэм хэхуа унэхэр Налшык къалэ округым, Нарткъалэ (Аруан район), Солдатскэ жылэм (Прохладнэ район) дэтщ. Лэжьыгъэхэр IыхьиплIу гуэшауэ къызэдгъэпэщынущ: 2022 - 2023 гъэхэм метр зэбгъузэнатIэ 1880-м къыщIэдгъэIэпхъукIынущ, 2023 – 2024 гъэхэм - метр зэбгъузэнатIэ 5386-м, 2024 - 2025 гъэхэм - метр зэбгъузэнатIэ 4738-м, 2025 гъэм - метр зэбгъузэнатIэ 3607-м. Псоми зэхэту мы Iуэхум сом зы меларддрэ мелуани 179-рэ мин 700-рэ текIуэдэнущ, - жиIащ министрым.

Мусуков Алий къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ жыы хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIыным теухуауэ ипэкIэ зэлэжьа программэр илъэсищкIэ нэхъ пасэу зэрызэфIагъэкIар икIи абы и фIыгъэкIэ а Iуэхур гугъуехь хэмылъу республикэм нэхъ щIэхыу зэрыщызэфIахыфынур дыщIигъуащ.

ЗэIущIэм къыщащтащ 2023 - 2024 гъэхэм къриубыдэу технологие, есэп щIэныгъэхэм хуэгъэза "Точка Роста" центрхэм хуэдэхэр республикэм и къуажэхэмрэ къалэ цIыкIухэмрэ дэт курыт еджапIэхэм къыщызэIухыным теухуа Iэмалхэр зэрагъэбзыху унафэм и проектыр. КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** жиIащ, проектым зэрыщаубызыхуамкIэ, республикэм и муниципальнэ щIыналъитхум «Точка Роста» еджапIэу 24-рэ къызэрыщызэрагъэпэщынур. А Iуэхум текIуэдэнущ сом мелуан 36-рэ. Республикэ бюджетым щыщу абы халъхьэнущ сом мин 360-рэ.

Республикэ унафэщIхэр арэзы техъуащ Курыт еджапIэхэмрэ балигъ ныбжьым нэмысахэм я IуэхущIапIэхэмрэ щызэфIах Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм пщIэншэу ягъуэтыным, апхуэдэуи абыхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэм, зэрыщагъэджэгу хьэпшыпхэм текIуэдэр къызэгъэпэщыным теухуауэ муниципальнэ районхэм я бюджетхэм субвенцэхэр 2022, 2023 – 2024 гъэхэм зэрытрагуашэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхухэм 2022 гъэм - сом мелуан 14-рэ мин 46-рэ, 2023 гъэм сом мелуан 29-рэ мин 493-рэ текIуэдэнущ.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» КъБР-м и къэрал программэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр.

Республикэм и Правительствэм игъэбелджылащ Донбассым щекIуэкI Iуэхухэм я къалэн щагъэзащIэу КъБР-м Iэщэкlэ зэщIэузэда и IэнатIэхэм я лэжьакIуэ 29-м фэбжь зэрагъуэтам къыхэкIыу, республикэ бюджетым щыщ ахъшэкIэ зэрызыщIагъэкъуэнур. КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Ацкъан Ратмир** зэрыжиIамкIэ, дэфтэрыр ягъэхьэзыращ щIыпIэ унафэр зезыхьэ IуэхущIапIэхэм зыкъызэрыхуагъэзам къыхэкIкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм къащищIа пщэрылъым тету.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Хьэмыкъуэхэ къакІэлъыкІуахэр



***Псыншокъуэк**Іэ еджэу Прохладнэ районым щыІэщ адыгэ къуажэ цІыкІу. Жылэр щитІысыкІар щІыпІэ зэгъщ. Я щІыр сэтейщ, езы къуажэр Къэрэгъэшрэ КъалэкІыхьымрэ (Прохладнэ) ухуэзышэ асфальт гъуэгушхуэм пэІэщІэщи, сабэмрэ Іэуэлъауэмрэ цІыхум ялъэІэсыркъым. Налшык къалэ уикІыу абы удыхьа нэужь, кІуэаракъэ, жэнэт щІыналъэу къыпщохъу: щхъуантІагъэр щыкуэдщ, я уэрамхэм машинэ щІагъуэ щызекІуэркъым. А жылэм и нобэм, абы дэсхэм я псэукІэм тедгъэпсэлъыхьыну зыхуэдгъэзащ къуажэ администрацэм и тхьэмадэ Къарэ Адмир.*

**- Адмир, дызэрыщыгъуазэмкІэ, фи жылэм и тхыдэр жыжьэ къыщежьэркъым.**

- Пэжщ, 1926 гъэм Къэрэгъэш дыкъыдэІэпхъукІауэ аращ. Япэу къуажэм къэІэпхъуар Хьэмыкъуэхэщ, унагъуищ хъууэ, псым нэхъ и гъунэгъуу тІысахэщ. Абдеж щхьэл тращІыхьри псэун ирагъэжьащ. Ауэрэ а унагъуищым нэгъуэщІхэр къакІэлъыкІуащ, уеблэмэ Псыхъурей къикІаи щыІэхэщ. Апхуэдэу, хуэм-хуэмурэ, жылэ дыхъуащ. Нобэрей зэманыр къапщтэмэ, унагъуи 150-рэ дэсщ къуажэм, цІыху бжыгъэр 750-м нос. ЛъэпкъкІэ къапщтэмэ, зы балъкъэр, зы урыс нысащІэ къашауэ дэсу аращ, адрейр зэрыщыту адыгэщ.

**- Жылэр цІыкІуми инми абы дэсхэр зыхуей хуэгъэзэн хуейщ. ЕджапІэ, лэжьапІэ, дохутыр ІуэхущІапІэ жыпІэми ...**

- Курыт еджапІэ дэтщ, цІыху 70-м нэс щоджэ. Абы хэтщ сабий сад, цІыкІуу 40-м щІигъу ирашалІэ. ЕджапІэри, зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр здэщыІэри уэздыгъэкІи, псы хуабэкІи, сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщщ. ДимыІэр сыт? Щэнхабзэм и унэ. Догугъэ апхуэдэ ІуэхущІапІэ зыхуащІхэм дыхагъэхьэну, а Іуэхум теухуа тхылъымпІэхэр зэдгъэпэщри зыІэрыхьапхъэхэм яхуедгъэхьащ, ауэ мызэкІэ дыжэуапыншэщ. Пощт диІэщ. МФЦ жыхуаІэм хуэдэ ди администрацэм щолажьэ. Аптекэм и унэ щхьэхуэ дэткъым къуажэм, ауэ хущхъуэ щащэу тыкуэным щІыпІэ щхьэхуэ щыхухэтхащ. КъимыдэкІэ, Налшыки КъалэкІыхьми къикІыу маршруткэхэр къокІуэ.

**- Адмир, фи къуажэм «Псыншокъуэ» щыфІащакІэ, псыкІэ жылэр гугъу ехь къыщІэкІынкъым.**

- ДэнэкІи псыщ, псынэпс дытесу аращ. Псы хъумапІэ чэщанэу - тІу, псы къыщІэшыпІэуи апхуэдиз диІэщ, зыр зэпымыууэ мэлажьэ. Пэжщ, унагъуэхэм яІэрыхьэ псыр щхьэусыгъуэ гуэрхэмкІэ сыхьэт зытІущкІэ щызэпыу къохъу. Ауэ псы зэфэнкІэ жылэр къызэгъэпэщауэ жытІэми дыщыуэнукъым.

**- Къуажэдэсыр сыт зыхэпсэукІыр? ЗэрыгурыІуэгъуэщи, щІым къытрахырщ е Іэщым къыпахырщ. Ауэ щІыр нобэ псоми яхурикъуркъым. Колхоз-совхозхэм я зэманым цІыхур абыхэм щылажьэрт, иджы-щэ?**

- ЩІы зиІэр абы иропсэу. ЗимыІэм я щхьэ Іуэху зэрахуэ: къалэхэм - Налшык, КъалэкІыхьым - лэжьакІуэ макІуэ. ПцІыр сыткІэ щхьэпэ, щІалэгъуалэм я нэхъыбэр зэбгрыкІащ. Мэзкуу, Краснодар, нэгъуэщІ къалэхэми Іэджэ щыІэщ. Гъэмахуэр къихьэмэ, къуажэдэс куэдым ІэнатІэ ягъуэтынущ: жыг хадэ, пхъэщхьэмыщхьэ хьэсэ зиІэхэм я деж щолажьэ. Дэ щІышхуэ дбгъэдэлъкъым, бэджэнду ар зыІыгъыр цІыху 16-щ зэрыхъур. Гуэдз, нартыху, помидор - ахэращ нэхъыбэу тращІэр. Хъарбыз, хъэуан хэзыси диІэщ. КъищынэмыщІауэ, къэралыр къадэІэпыкъуауэ, цІыху зыбжанэм ІэщышхуэІ ягъашхэ.

**- Фи щІым къытекІ бэджэнд уасэр районым макІуэ. Абы щыщ фэ къыфІэрыхьэжрэ? Ар щІыжысІэращи, фи жылэм щыщу зыгуэрым дэІэпыкъун хуеймэ е гъэкІуэтапхъэ имыІэу лэжьыгъэ гуэр къыфлъыкъуэкІмэ, дауэ фыпэлъэщрэ?**

- Бэджэнд уасэм щыщ къытІэрохьэж. Дотацэм дытесу аращ администрацэм щІэсхэр. Ауэ газ, псы е нэгъуэщІ гуэркІэ ехьэкІыпІэ зимыІэ Іуэху къыкъуэкІмэ, тхылъымпІэ дотх, районым дохьри, абыхэм текІуэдэнур къыдат. Районми республикэми зыкъытщІагъакъуэ, дызыхэт Іуэхум елъытауэ.

**- Адмир, сощІэж, фи къуажэкІэм щыІэ Іэщ фермэр зи Іэмыщlэ илъа, Іэужь дахэ къызэзынэкІа, фІыкІэ цІыхум куэдрэ ягу къагъэкІыж КІэнэтІ НурІэдил жиІэгъащ мыпхуэдэу: «Къэралым закъыщІигъакъуэмэ, мы къуажэ цІыкІум и закъуэ хадэхэкІыу Къэбэрдейм ирикъун кърихьэлІэфынут».**

- АбыкІэ сыарэзыщ. Нащэмрэ помидорымрэ бэв щохъу ди жылэм. Хъушэу кърахьэлІэфынут цІыху нэхъыбэ елэжьамэ, а къытрахыр здахьын яІамэ. Си нэ къокІ зы консерв завод цІыкІу ди къуажэм дэтарэт жызоІэри. А Іуэхум зыкъом щІауэ догупсыс, тхылъымпІэ гуэрхэри зэдгъэпэщащ, ауэ ухуэныгъэр къэзыщтэн, зи пщэ дэзылъхьэн мызэкІэ къыкъуэкІакъым. Абы текІуэдэну кредитыр къэралым къаритамэ, а лэжьыгъэм зезыпщытын дгъуэтынут. ИджыпстукІэ а Іуэхур зэфІэмыхьэми, догугъэ нобэ мыхъумэ, пщэдей къыдэхъулІэну.

*Епсэлъар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



# Сабийхэм я нэкІэ

**СурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ музейм бэрэжьейм къыщызэІуахащ «Дунейр сабийхэм я нэкІэ» фІэщыгъэм щІэт гъэлъэгъуэныгъэ-зэпеуэ. КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, сурэтыщІ цІэрыІуэ Ткаченкэ Андрей и цІэкІэ зэхашэ а Іуэху дахэр илъэс пщыкІуплІ хъуауэ ди щІыналъэм щрагъэкІуэкІ.**

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэІущІэр къыщызэІуихым, ар къызэзыгъэпэщахэм, адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ.

- Сурэт щІыным дихьэхыу, ар къайхъулІэу сабий нэхъыбэ диІэхукІэ нэхъыфІщ, дэ зэрытхузэфІэкІкІэ абыхэм защІэдгъэкъуэну дыхьэзырщ,- жиІащ Къумахуэм.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Къумал Заурбэч** сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм ехъуэхъури, сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ пІалъэм мыпхуэдэ Іуэху дахэкІэ зэрыпежьар зэригуапэр къыхигъэщащ.

- Сэ Ткаченкэ Андрей гъунэгъуу сцІыхуакъым, ауэ абы и къуэ Александр си ныбжьэгъу пэжщи, срогушхуэ, - жиІащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ **Ахъуэхъу Таймураз**.

КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Іэминат** гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьа сурэтхэр къызэрымыкІуэу игу зэрырихьар ибзыщІакъым.

- Балигъхэм сабийхэр тхъумэу къытщыхъуж щхьэкІэ, езы сабийхэращ дунейр зэтезыІыгъэри дыкъэзыхъумэри. А гупсысэм сэ сыхуашащ мы сурэтхэм,- жиІащ Уянаевэм.

Зэпеуэм щытекІуахэр пшыхьым щагъэлъэпІащ.

Къумахуэ Мухьэдин къызэхуэсахэм яригъэцІыхуащ уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэ Куэцэ Идар. Абы накъыгъэм и 9-м, ди къэралым и уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэм я гъусэу, Ут Плъыжьым деж уэрэд щыжиІат. КъБР-м и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъыр министрым щІалэщІэм иритыжащ.

Ткаченкэ Андрей ипхъу Маринэ, мы гъэлъэгъуэныгъэм хэтын щхьэкІэ, щІыпІэ жыжьэ къикІыжри къэкІуэжат.

- Ди унагъуэм дежкІэ хуабжьу гуапэщ ди адэм апхуэдэ пщІэ зэрыхуащІыр, зэралъытэр. Ар зыщІэжхэм я фІыгъэ хэлъщ и цІэр зэрыжаІэрейм, ар цІыхухэм зэращымыгъупщэм, - жиІащ Маринэ. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министру илъэс куэдкІэ лэжьа Фырэ Руслан. Арат зэпеуэ-гъэлъэгъуэныгъэм и зэхэублакІуэу щытар.

Гъэлъэгъуэныгъэм щыплъагъур гукъыдэжыр къэзыІэт, фІым ущызыгъэгугъ, плъыфэкІэ бей сурэтхэт. Сыт хуэдэ сабийхэм ялъагъур, жыпІэмэ, телъыджэщ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэкІэ, дыхьэшх макърэ гущІэгъукІэ, гупсысэщІэрэ къабзагъэкІэ гъэнщІа дунейщ. Я псэ къабзагъыр мыкІуэщІу, нэшхуэгушхуэу а цІыкІухэм я зэфІэкІ адэкІи хагъэхъуэну ди гуапэщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Депутатым къыбгъэдэкІ гуапагъэ

**Мэкъуауэгъуэм и 1-м, Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм, къыщыщІэдзауэ ди щІыналъэм щокІуэкІ Іуэхуфl куэд. НыбжьыщІэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэми зэрыщІидзар къэплъытэмэ, цІыкІухэм я нэгу зебгъэужьыну, я гур хэбгъэхъуэну мы зэманым и чэзу дыдэщ, псапэшхуи зыпылъщ. Апхуэдэ гулъытэ дахэ щІэблэм яхуищІащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолэ.**

ДЕПУТАТЫМ и жэрдэмкІэ «Малкинский» шы заводым къыщызэрагъэпэщащ сабийхэм яхуэгъэза гуфІэгъуэ зэхыхьэ. Махуэшхуэм кърихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэм къикІауэ сабий миным щІигъу, я адэ-анэхэр зыщІыгъухэри яхэту. Аттракционхэм я паркым щекІуэкІащ зэхуэс хьэлэмэтыр. НыбжьыщІэхэр хэтащ абыхэм папщІэ къызэрагъэпэща зэпеуэ гъэщІэгъуэнхэм, джэгукІэ купщІафІэхэм, таурыхъхэм хэт лІыхъужьхэр я гъуэгугъэлъагъуэу. Къинэмыщlауэ, махуэшхуэм кърихьэлІа дэтхэнэми Іэмал иІащ шы заводым къедза лъапсэшхуэм зыщаплъыхьыну, зыщагъэпсэхуну, абы щІыпІэ дахэхэр къызэрыщ гукъинэж сурэтхэр щызытрагъэхыну, шыкІэ къажыхьыну.



- Сабийхэр лъапІэныгъэу диІэхэм я нэхъыщхьэ дыдэщ. Абыхэм елІэлІэныр, я зыужьыныгъэм хэгъэхъуэныр, зэфІэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр зыбгъэдэлъхэр наІуэ къэщІауэ ядэІэпыкъуныр, апхуэдэуи щытыкІэ гугъум ихуа бынунагъуэхэм защІэгъэкъуэныр ди къэрал унафэщІхэм гулъытэ хэха зыхуащІ унэтІыныгъэхэм ящыщщ, - жиІащ Быф Анатолэ, махуэшхуэм кърихьэлІахэм защыхуигъазэм. - ПщІэшхуэ яхузощІ къытщІэхъуэ щІэблэм гъэсэныгъэ екІурэ щІэныгъэ куурэ егъэгъуэтыным зи къарурэ зэманрэ хьэлэлу езыхьэлІэ ди егъэджакІуэхэм, гъэсакІуэхэм. Нобэ ныбжьыщІэхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэхэм я къежьапІэри абыхэм я дежщ щытлъагъур. ФІыщІэ ин яхуэфащэщ апхуэдэу гумызагъэу ныбжьыщІэхэм ядэлажьэ ІэщІагъэлІхэм.

Сабийхэм яхуэгъэза апхуэдэ гуапагъэрэ гукъэкІрэ и мащІэкъым депутат цІэрыІуэм. Быф Анатолэ и жэрдэмкІэ «Лэгъупыкъу» («Радуга») республикэ социальнэ сабий центрым зыщызыгъэхъуж цІыкІухэм папщІэ иджыблагъэ къащэхуащ ахэр зыхуэныкъуэ велотренажёр.

Адыгэхэм игъащІэми къыддокІуэкІ псапащІэр, гулъытэшхуэ етту. Псапэ щІэныр зи гъащІэ мардэ Быф Анатолэ дохъуэхъу и мурадхэр къехъулІэу, и гулъытэр абы хуэныкъуэхэм ялъэІэсу узыншэу куэдрэ псэуну.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

ГУГЪУЭТ Заремэ

# Сэ мы дунейм сыкъыIэпоху зы налъэу

## Гущэкъу

Зэгуэр, гъатхэкуу, тхурабзат
гущэкъу,
Дыкъытемыхьэ щIыкIэ мы дунейм.
Пщэдджыжьу дыгъэр къиплъэри
ди нэIу,
Ди Iэгум трипхъат лэдэх щыкъуей...

Сэ гъатхэ къэс си Iэгур соIуэтыж,
Пщэдджыжь къэсыхуи дыгъэ
тызогъапсэ.
Уи Iэгу лэдэххэм ещхь сымыгъуэтыж,
ГущапIэм къыхэсхауэ, лэдэх кIапсэ...

Аргуэру гъатхэщ. Гъатхэ укIытэхщ.
НысащIэ джанэщ щIылъэм
зыщитIагъэр.
Нэхущым гъатхэ дыгъэм сыуплъэху,
Уи псалъэ жылэ си гум
къыщогъагъэ.
5.05.2020

* * *

Къуажэр хьэ банэ макъым
Iуэщхъуурэ щIожеикI.
Мы си гупсысэ къакIуэр
Жэщым къыхокIиикI.

Мы си гупсысэ къакIуэм
Уи цIэр изоудэкI.
Жэщым сIэта и кIапэм
ГъащIэ къеублэрэкI.

ПщIыхьым къыхэхуа псалъэр
Жэщым и куэщIым илъщ.
Уафэм къыщыщIэзгъалъэ
Вагъуэхэр щIыIэмылщ.

Жэщым и щIыфэ щIыхум
Къыщытрищхэм нэху,
Си гум ущыIурехри,
Уи нэм сыщIэмыплъэф.
7.05.2020

## Адыгэшым и нэр

Адыгэшым и нэм сыщIэтынт,
Си псэр бгыжьхэм куэдрэ
щыпIейтейуэ.
И нэ вагъуэм Iэфlу сыщыжейуэ,
Адыгэшым и нэм сыщIэтынт.

Сыдилъынти, псым адрыщI сикIынт,
ТкIуэпсхэр жьы къэплъам
щызэбгрыспхъыу,
Мы си нэкIум зэлъа защIэ теспхъэу,
Гъадэщlыдэм гъуэгу щызэпысчынт.

Адыгэшым и нэм сыщIэтынт,
Шы лъэ макъ хьэуам
щызущыкъуейуэ.
Уафэр зэрыщIэншэм срибейуэ,
Адыгэшым и нэм сыщIэтынт.

Адыгэшым и нэм сыщIэтынт,
СызэIубыр псынэпс щIыIэмылу.
ГъащIэр сухыхункIэ си гум уилъу,
Адыгэшым и нэм сыщIэтынт.
14.01.2022

* * *

Уи бгъафэм, лъахэ, сыщIэгъапщкIуэ,
Къыщысхуэщlыlэкlэ дунейр.
Си жэщыр щIэщхъукIэ
къомыгъаскIэ,
Аращ, си лъахэ, сызыхуейр...
Къысщхьэщыувэ къуршу, бгыжьу,
Псыкъелъэу къыстещащэ зэм.
Уи тафэр си гум щыубгъужи,
КъыхэзгъэщIыкI сурэтхэр пшэм.
Илъэсхэм Iуащхьэу заупэпцIыр,
Си лъахэ, узошалIэ псэр,
Си щхьэцыр тхъуарэ, сэ сылъапцIэу,
Къезбжэкlыу уи лъэс
лъагъуэу сщIэр.
Уи щIыфэр мэзмэ, сыныхохьэ,
Уи псыжьхэр нэпсмэ, срахьэх.
Уи бгыжьхэм я щхьэщыгуи сохьэ,
Сыкъемыхыжу, сыкъохуэх.
ИтIани, жьыбгъэкIэ сыпхъуати,
Лажьэншэу, лъэгум сынехьэх.
УзгъэфIэжыну сыкъэплъхуати...
Уэ сыбогъафIэ, сыджэлэху.
Уи бгъафэм, лъахэ, сыщIэгъапщкIуэ,
Уэ къыздэпхъумэурэ си щэху.
Уэ къыпщIэщыр вагъуэр хъуаскIэу,
ПщIыхь гъуэгукIэ уафэм сынихьэу.
16.05.2020

* * *

Илъэсхэм сащхьэдохуэх,
Сыщхьэдохуэх гупсысэм.
Шыхулъагъуэм зыкърешэх,
ЩIылъэ зэшам къеIусэу.
Мы си гур мэхъу щIыIэрыс,
Хиубыдауэ жьыбгъэм.
Зэманым и Iуфэм Iусщ,
ДэкIуэсыкIауэ си бгъэм.
Илъэсхэм сащхьэдохуэх,

КъыпызбжыкIыху уи лъагъуэр.
Шыхулъагъуэм зыIэпегъэху
Уэгум имыхуэж вагъуэр.
27.05.2020

* * *

Псалъэр куэдыщэт... куэдыщэт...
Сигу къиуIэн хуэдизт.
Сэ сыгъэпщкIуат, сымыщIэт,
Пхуэдэхэр уафэм изт.
Псалъэр куэдыщэт... куэдыщэт,
Псалъэхэм я кур нэщIт.
Си гур упщIыIурт, сыпIыщIэрт,
Щымыр нэгъуэщIт... нэгъуэщIт.
Уэ угъунэгъут... ужыжьэт,
Сэ си лъэбакъуэм хэщIт.
Си гур губжьыжт иныжьу,
Си гум умыхъут и фIэщ.
Си гур си Iэгу изгъапщкIуэрт,
(Ари гъэпщкIупIэ хъунт?!)
Си цIэрти, телът уи напщIэм,
Хъуапсэурэ къехуэхын.
Псалъэр куэдыщэт... куэдыщэт,
Сигу къиуIэн хуэдизт.
Псалъэм къарыкI сымыщIэу,
Си гур уи деж щыузт.
22.02.2021

* * *

Сигу щIыIэм ущохуабэ,
Уигу хуабэм сыщодий.
УщыщIэзгъапщкIуэм напIэм,
Нэхущым зеукъуэдий.

Згъэзэжурэ жыг хадэм,
Уэшх щабэм сыщIодэIу.
Сигу щIыIэм жиIэр пщIатэм,
Ухишэу и тхьэлъэIу!

Уэшх щабэр гукъэкIыжым
ЛъоIусри, мэщащэ.
Сигу щIыIэм къыщочэжри,
Гукъанэр мэхъу тIууащIэ.

Сигу щIыIэм и къеуэкIэм
Жэщ щIыхур ещI жеиншэ.
Уигу хуабэм и щIыIэкIэм
Дунейр щIохъукI зеиншэ.
13. 05.2022

* * *

Псалъэу щыIэр щIэкIуэдэжт
уи нитIым,
Макъыу щыIэр зэщIэувыIыкIт.
Щыбзэуэжт дунейр уи нитIым хуиту,
Щыкъэбзэжти, уэщIым зэпрыкIт.

СыIурихырт, уи нэ кугъуэм ситу,
СыIурихти, мы дунейм зихуэжт.
КъызэупщIыжынутэкъым нитIыр,
Сэ си пэжыр щIылъэми щыпэжт.

Си илъэсхэм сызэпрыкIыжти,
Уи нэхэм мы си гур щIэспIыкIыжт.
Уэ гъуэгуанэ жыжьэр
уигу къэкIыжти,
НапIэм сыщIэбгъапщкIуэу,
уIукIыжт.
30.05.2020

* * *

Пщэдджыжь пшэплъым хызодзэж
си пщIыхьыр,
Сигу жьэражьэм уи цIэр кърисыкI.
Си зэманым уи деж зыщеплъыхьыр,
ГъащIэм уи лъэ макъым
къыхебжыкI.

Си щIалэгъуэр щоубзэж уи нитIым,
Си гур ирищIыкIыу зэхуэдитI.
НапIэр Iэти, сыгъэбауэ хуиту,
Сэ иджыри къыспэщылъщ гъащIитI.

Нытызогъэзэжри лъапэпцIийуэ,
Сыныпоувэжыр къэткIуа гъуэгу.
Хьэуа щIыIэ изогъэх си джийми,
Си щIалэгъуэм сыщIоплъэж и нэгу.
21.09.2020

* * *

Сэ сощIыр уи гур тхьэлъэIупIэ,
Аращ мы щIылъэм щынэхъ къабзэр.
Абы сришэурэ укIыпIэ,
КъысIуегъэкIэж си адэжьхэм я псэ...

Сэ сощIыр уи гур тхьэлъэIупIэ,
И плъыфэр уи нэхэм щыслъагъуу.
Гупсысэм сехьри зыщIыпIэ,
Ар зыхащIауэ тхьэхэр магъыр...

Сэ сощIыр уи гур тхьэлъэIупIэ,
Уи пащхьэ ситмэ, уи Iэгу сиплъэу.
Уи цIэр толъэтри си Iупэм,
СыкIэлъопхъуэж итIани, си Тхьэ!
29.07.2021

* * *

СыкъыIэпохур мы
щIымахуэ жэщым,
Уигу щабэм сыкIэзызу сыхохуэж.
Жэщ щIыхум и бэуэкIэм
сыпэлъэщкъым,
Нэху щымэ, зэхэсхынухэр мыпэж.

Нэху щымэ, сисыжынущи
сэ пшэплъым,
Мы къалэм ипхъуэтэнури
нэгъуэщIщ.
Аргуэру жэщым... жэщым
сыщыхэплъэм,
Си нэгум щIэкIыжынущ илъэс щэщI.

ИтIани... вагъуэ пщтырхэр
къыстелъалъэу,
Уи лъахэм жэщ къэсыхукIэ согъэзэж.
Мы си гум къыхэIэбэу налъэ-налъэу,
Схъумэнущ щэхуу жэщкIэрэ зы пэж.
21.12.2020

* * *

Уи нитIым сыщIокIуадэри собзэх,
Усэпкъыу фIэкI, нэгъуэщIу
сыщыIэжкъым.
ЩIымахуэ шылэм уи нэхэр псэхэх,
Жэнэтым лъапэпцIийуэ срашэжу?!

НэгъуэщIу сыпсэунути, сощхьэх,
Си джийм хьэуа Iубыгъуи
схуемыгъэхыу.
Уи напIэр Iэти, уи гум сегъэхуэх,
Жэщ къэскIэ хуабэу
сыщыIуребгъэхыу.

Уи напIэр Iэти, уи гум сегъэхуэх,
Гукъуэпсхэм саубыдрэ сахэкIэжу.
Сэ уи щымыкIэр, пщIэрэ,
си фIэщ мэхъу,
Сэ уи щымыкIэм псэкIэ сыщопэжыр.

Уэ уи щымыкIэм сэри сыхохьэж,
Уигу пцIанэм си тхьэлъэIур
есшэкIауэ.
Уи нитIым мы си гъащIэм
сыщоплъыж,
Нэ кугъуэм си псэр Iэфlу щыхэкIауэ.

## Уи деж

Жэщым сыщегъэпщкIури уи деж,
ХоункIыфIэ хьэуам шэху уэздыгъэр.
Къалэр зэрыпцIанэу хешэ жейм,
Жэщым къыщхьэщохьэри удыгъэ.

ГъащIэр зэрыщыту зы жэщ куэщIщ,
Уафэм из гухэлъыр зы бэуэгъуэщ.
Пшэплъым дыщисыжкIэ, си цIэр
фIэщ
Пщэдджыжьыпэу зэтехуа
ди плъэгъуэм.

Махуэр си Iэпкълъэпкъым
щоупщIыIу,
Жэщыр зи кууагъым сыкъыхишу.
Сэ тызолъхьэ гъащIэм и гущIыIу,
Си гур къыщычэну илъэсищэ.
17.01.2021

## Уи нитIырщ пэжыр

Уи нитIырщ пэжыр, уи
нитIырщ сщIэжыр,
Аргуэру уи псэр къысIукIэжу.
Иджыри къэс дунейр мылъхуэсщ,
Иджыри къэс сылъэсщ, сылъэсщ.
Зы псалъэр пIалъэу,
сыналъэ-налъэу,
Уи нитIым уафэ къыщIэзгъалъэу.
Хьэуам си гъащIэр щызудэжрэ,
Мы си гум къуэпсу укъыхэжу.
ИтIанэ, уи гум сылъоIэсыр,
СыщIыIэрысрэ сымафIэсу...
Уи нитIырщ сщIэжыр, уи нитIырщ
пэжыр,
Армырам, лъэужь сиIэжкъым.
Сэ махуэ къэскIэ зы псэ схокIыр,
Си Iэпкълъэпкъ хамэр къезэвэкIыу.
ИтIани, плъагъурэ, сыпсэущ,
Уи нитIыр схуохъури къару гуэр.
30.01.2021



* * *

Сигу узолъхьэри, сесыр щIыIэм,
ЩIыIэм сисурэ, псэ къысIуокIэ.
Уае щыхъукIэрэ, мылыр гъуджэу,
Уи цIэ щэхум къуэпскIэ сыхокIэ.

Хьэуа щIыIэр щIызокIэр нэкIум,
Нэм щIалэгъуэр къыщIоукIуриикI.
Щыгъэу зблэри ислъхьащ си Iэгум
ГукъэкIыжхэри, къыпызобжыкI.

Си гу лъащIэм укъыщыузу,
ГукъэкIыжым сыхокIэзызэ.
Уэсыр къесрэ, мазэр изу,
Жэщ мыжейм пэрызодзэ усэ.
9.02.2022

* * *

Уэшхыр аргуэру къешхыу,
Уэшхыр къысщыдыхьэшхыу.
Сыбгынэжа пщыхьэщхьэм
Уи гур щызэрыбгъэшхыу.

Жьы, уэ уззэрыбауэм
Си гур къыхэщIыкIауэ.
Сэ сыщихьыжым гуауэм,
Уи гур щыкIа-щыкIауэ.

Псалъэр ещэщэхыжу,
Си гум уихужу, уихужу...
Уэшх къыстешха нэужьи,
Уафэ уIам сеплъыжу.

Жьыбгъэ сызыгъэпIыщIэм
Си гум зыщиутхыпщIу.
Махуэ нэбэнэушэм
Жэщым къэхъуар имыщIэу.

Пшэплъым лъапцIэу сыхыхьэу,
Пшэплъым сахуэ сыщыхьуу.
Зиухыжарэ... бжьыхьэу...
ФIыуэ слъэгъуар слъагъу мыхъуу.
22.05.2022

## ЩIыIэ

Си нитIыр щIыIэщ, щIыIэщ, щIыIэщ,
Мы сыздэщыIэм сыщымыIэ.
Дунейр иныIуэщ, сигу къиIуэу,
СумылъагъуЖ, укъызэплъыIуэм.

Зэманыр мащIэщ, мащIэщ, мащIэщ,
Сыщыпсэуакъыми игъащIэм.
Дунейр мэджэгу, дунейр мэпIащIэ,
Сэ сигу щIэпхъуар гукъеуэ защIэщ.

Ухуейми жыIэ, жыIэ, жыIэ,
Псалъэр изыIуэщ, си гурщ ныкъуэр.
Сигу щIэпхъуэм сыкъыщоувыIэ,
Мы сыздэщыIэм сыщымыIэ.
19.01. 2022

* * *

Уи Iубахъэр есшэкIат уэс налъэм,
ЩIымахуэкум жиIэрт таурыхъ хужь.
ГъащIэ псо ихьынут гухэлъ пIалъэм,
Къиувэжмэ жьыбгъэр ди лъэужь.

Си нэбжьыцым щыткIужат
уэс налъэ,
НапIэм щIигъэпщкIуэжри
гукъэкIыж.
Мы дунейр гукъанэм къигъэпсалъэу,
Уэсыр къыптещащэу уIукIыжт...

ЩIымахуэкум щхьэхьу сыздихьауэ,
Си псэр хужьу уэсым къыIукIэжт.
Уэ щIымахуэм ухэзэрыхьауэ,
Уэсу уи нэбжьыцым сыщыткIужт.
10.12.2021

Адыгэ хабзэ

# Зи шхыныкIэр хъуэхъушэ, зи хъуэхъуфэр щхьэлъэ



**«Хъуэхъум хабзэ хэлъщ, хабзи пылъщ» псэлъафэм лъабжьэ иIэщ. Абы зыкъомкIэ поджэж нэгъуэщI зы жыIэгъуи: «ауэ сытми ухъуэхъуэным хъуэхъу къиkIыркъым». Иджыри зы псалъэжь: «ХъуэхъущIафэр бзэхри, хъуэхъубзэр къэнащ». Зы гупсысэм зэришалIэ мы щапхъэхэм къагъэлъагъуэ хъуэхъум гъэзэщIэкIэ хабзэ пыухыкIахэр егъэщIылIауэ къызэрекIуэкIар, абы и зегъэкIуэкIэми хъуэхъум зэрыщыгугъ къарур епхауэ къалъытэу къызэрыгъуэгурыкIуар.**

ХЪУЭХЪУР IуэрыIуатэхэкI хьэзырми, жьабзэ ишыгъуэу зэрыщыт къудеймкIэ бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр нэсу къэптIэщIын плъэкIынкъым. Хъуэхъур дауэдапщэм и курыхщ. ДауэдапщэмикIуэрабгъу хуэхъур хъуэхъущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, псалъэм хэлъ фIэщхъуныгъэмрэ хъераджэмрэщ IуэхущIафэми зызыдищIыр. Аращи, хъуэхъур лъэныкъуитIым - псалъэмрэ дауэдапщэ хуэIухуэщIэхэмрэ - толажьэри, а щхьэхуэныгъэм къыхэкIыу и джыным зэпэзэрызу убгъэдыхьэ хъуркъым. Сыт хуэдэ дауэдапщэ теплъэгъуэм сыт хуэдэ хъуэхъу техуэми, абы хэлъ псалъэхэм а теплъэгъуэр дапхуэдэу зэрагъакIуэми кIэлъыплъын хуейщ.

Хъуэхъур хабзэ жыпхъэм иту къызэрекIуэкIар нэрылъагъу зыщIыр абы и гъэзэщIэкIэ Iэмалхэм ущызыгъэгъуазэ жыIэгъуэ гъэщIэгъуэн куэд къызэрынаращ. Нэхъыжьхэр абы зэреджэр ***хъуэхъу ущиещ.*** Абыхэм гъэщIэгъуэнагъ ябгъэдэлъхэм ящыщщ псалъэжьуи, гъэсэпэтхыдэуи, хабзэгъуазэуи, хъыбаруи зэрызэхэтыр. А псор зэхэтлъхьэжрэ къиIуэтэнур къэдгъэлъэгъуэжмэщ хъуэхъум и щыпкъэр къыщыщIэщынур.

Хъуэхъур къару нэрымылъагъухэм яхуэгъэза псалъэщ. Диныбзэм и хуэмэбжьымэхэр абы къыхыхьэу щыхуежьар куэдкIэ иужьщ. «Хъуэхъуэныр анимизмэм и Iэужщ, тхьэ елъэIуныр диным къыхэкIа Iэмэпсымэщ: мэгъубзэм и щIыIу динызбэ къытехьауэ аращ, зэман зэпэщхьэхуитIым я лъэужьу, зэхэщIыкI зэмыфэгъуитIым я хэкIыу», – етх Нало Заур. ТIум дежи псалъэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ, мэгъу къару халъхьэуи щытщ. Аращи, хъуэхъухэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм я нэпкъыжьэ телъщ.

Дин зэмылIэужьыгъуэхэм я шыбзэм щIэкIыурэ зэман кIыхькIэ къэгъуэгурыкIуа хъуэхъужьхэм я мызакъуэу, а нэщэнэхэр ядыболъагъу хъуэхъу гъэзэщIэкIэ хабзэхэми. Хъуэхъу хуэIухуэщIэ псори зэщIэдгъэуIуэжмэ, къэхута хъунур хъуэхъум и тхыдэ закъуэракъым, абы къыдэкIуэу хэIущIыIу хъунущ ахэр зытеIуа дауэдапщэхэм я гъэпсыкIэ-зэпкърылъыкIэ дызыщымыгъуазэхэри.

«Псалъэм я нэхъ цIыкIури зэрыхъунур зэрыпщIщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Къызэрыхэщащи, мэгъу Iэмалхэм хъупIэщIыпIэу яIар дауэдапщэрщ. Зы дауэдапщэм къытригъэзэжыху, абы теIуа хъуэхъуми зиузэщIурэ щапхъэ пыухыкIам иувэу екIуэкIащ. Ахэр зэрыубыда нэужьщ узытекI мыхъун хъуэхъу гъэзэщIэкIэ хабзэхэр жылагъуэм щызэдащтар. Абы и IуэхукIэ ди нэIэ зытетынур Тхьэгъэлэдж и хъуэхъухэрщ. А хъуэхъу гупыр ди гъуазэу зи гугъу тщIа гъэзэщIэкIэ хабзэхэр къыщIэгъэщыныр зыхуэдгъэувыж пщэрылъ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ.

***«Тхьэгъэлэдж и хъуэхъукIэ»*** дызэджэр къызэщIэзыубыдэ фIэщыгъэцIэщ. Гъэрэ щIырэ щызэхэкIым щегъэжьауэ гъэ мэкъумэшыр къэрахьэлIэжыху я зэхуаку дауэдапщэу дэлъу щытам хъуэхъуу теIуар абы хеубыдэ. А хъуэхъужьхэм Тхьэгъэлэдж и цIэр къраIуэу, хъераджэр абы хуагъэIуу екIуэкIащ. Ауэ Iэмал имыIэу щыткъым хъуэхъу псоми Тхьэгъэлэдж и цIэр къыхэмыщынкIэ. Ар IуэхугъуитIым къыхокI: япэрауэ – щыIэщ зы хъуэхъу гупышхуэ, тхьэм зыхуимыгъазэу зыхуейр къерибжэкIрэ «сохъуэхъу» жиIэрэ игъэтIылъыжу (тIорысэщ, мэгъубзэм нэхъ пэблагъэщ); етIуанэрауэ – Тхьэм зыхуэзыгъазэ адрей хъуэхъужь гупышхуэм къахокI диныбзэр текIуэу Тхьэгъэлэдж и цIэр IэщIыб зыщIахэр. ЗыхуэгъэзакIэ, зыхуэгъэпсакIэ а хъераджэхэр псори бэв зэрытраIуэ хъуэхъущ. И цIэ къызыхэмыщ къыхэкIми, а хъуэхъужьхэр Тхьэгъэлэдж епхауэ къызэрекIуэкIар нэрылъагъущ. Апхуэдэ гупсысэм урегъэувалIэ Тхьэгъэлэдж и цIэр хъума щыхъуа хъуэхъужь куэд ди деж къызэрысам.

Тхьэгъэлэдж и хъуэхъукIэ дызэджэ гупым хохьэ мы хъуэхъу лIэужьыгъуэхэр:

– гъэрэ щIырэ щызэхэкIым деж жаIэ хъуэхъур;

– уафэр япэ щыгъуагъуэкIэ жаIэ хъуэхъур;

– удзыпсзэутх хъуэхъур;

– вакIуэдэкI хъуэхъур;

– вабдзэтелъхьэ хъуэхъур;

– гъунэилъэ хъуэхъур;

– щыпэтесэ хъуэхъур е япэ жылэ щытрасэкIэ зэрыхъуахъуэр;

- вэн-сэныр щаухкIэ жаIэ хъуэхъур;

- вакIуэихьэж хъуэхъур;

- гъавэр щыIуахыжкIэ жаIэ хъуэхъур;

- гъавэр щаIуэжкIэ жаIэ хъуэхъур;

- гъубжэдэх хъуэхъур;

- гъавэр щакIыщтэкIэ жаIэ хъуэхъур;

– щхьэлщIэкI хъуэхъур;

– хамэIумыхуэ хъуэхъур.

Мыбы хэмыхьауэ дызыщымыгъуазэ нэгъуэщI хъуэхъу лIэужьыгъуи щыIагъэнщ. МысыхьэткIэ диIэ хъуэхъухэр зэрызэщхьэщыдгъэкIыр апхуэдэущ.

Тхьэгъэлэдж и хъуэхъухэм нэхъыщхьэу зы гупсысэ хэлъщ: ахэр псори яхуэгъэзащ гъавэм, къэкIыгъэм бэв теIуэным. ЩIым хэплъхьэм хуэдитI къыуитыжын щылъэкIкIэ, бэвыгъэри дуней щытыкIэм щелъытакIэ, щIым ирипсэу цIыхум и гупсысэр здынэсыр ар зи Iэмыщэ илъ къарум еубзэн, дахэ жеIэн зэрыхуейрт. Абы къыхэкIащ илъэсыр къыщихьэм щегъэжьауэ ар икIыху сыт хуэдэ мэкъумэш лэжьыгъэ хуемыжьами, жылагъуэр и псалъэрэ и IуэхущIафэкIэ Тхьэгъэлэдж зэрызыхуигъэнэджыным хущIэкъуныр.

Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэр адыгэ махуэгъэпсымкIэ илъэсыщхьэ махуэщ. Аращ зытехуэр ***«гъатхэпежьэ тхьэлъэIукIэ»*** зэджэр. Гъатхэпежьэр IыхьитIу зэхэтщ: унагъуэ тхьэлъэIурэ жылагъуэ тхьэлъэIуу. Куржы щIэныгъэлI Кантарие М. В. зэритхымкIэ, къэбэрдей адыгэхэм абыхэм щхьэкIэ зэрахьэр ***«вак***Iуэ ***тхьэлъэIу», «вакIуэ къурмэн»*** фIэщыгъэхэрщ.

*МафIащхьэджэд тхьэлъэIукIэ* зэджэр унагъуэ тхьэлъэIущ. Махуэр къыщихьэнум и жэщым унагъуэм исхэм загъэкъабзэрт, ***дыгъэмыхъуэпс*** жыхуаIэ, нэху зытемыщхьа псыкIэ загъэпскIырт, щыгъыныгъуэщIэкIэ зыкъахуапэрт. ЖыIэн хуейщ зыгъэкъэбзэныр дауэдапщэ хуэIухуэщIэхэм я щыпэху хабзэ хъуауэ къызэрекIуэкIар. «Кхъуэ бэгумрэ дыгъужь бэгумрэ зыхамыгъэпскIыхь щIыкIэ зывгъэпскI», – жаIэрти, нэхулъэр къыщызэкIэщIитхъым ирихьэлIэу, цIыкIуи ини псыежэхым кIуэрт. Псыр гъэщIэм, узыншагъэм я нэщэнэщ. Узрэ бзаджэрэ къаймыуалIэу а псым ирихьэхыну, гу къабзэ-псэ къабзэу, къэщIэрэщIэжауэ илъэсыщIэм техьэну гугъэхэрт.

Дунейр къыщызэщIэушэм, къыщызэщIэущкъулэм ирихьэлIэ а зэманым гъавэ бэвкIэ, илъэсыщIэ угъурлыкIэ хъуахъуэхэурэ пежьэрт. Ди деж къэсащ апхуэдэ хъуэхъу зыбжанэ. Мыр абыхэм ящыщщ:

*Уо, Тхьэгъэлэдж дыщэ!*
*Зыхуэхъум я псапащIэу,*
*Уэркъыжьым я шы Iусу,*
*Ажэ жьакIэу уфафэу,*
*Афэ гъуапэу уэндэгъуу,*
*Вагъэм щызэрызешэу,*
*Шауэм дэщхъэукъуэу,*
*Жэпкъыхыуу,*
*ЩхьэпIащэу,*
*Iэтэ щийр зы хьэсэу,*
*Зы ху самэр ху гуипщIу,*
*Унагъуэ и пщIэ кIыщтэгъуэ зырыз*
*ФIыгъуэкIэ тшхыжыну Тхьэм къыдит!*
*Уо, гъэрэ щIырэ зэхэкIыу*
*ВакIуэ дыщыдэкIкIэ*
*Джэдхэр къакъэу,*
*Къазхэр гъуалъхьэу,*
*Вабдзэ телъхьэ ирагъэщIу,*
*Вабдзэпэ уэгъуу,*
*ВэнгъуэкIэ уэшхыу,*
*Уэшхым и лъагъуэу,*
*Бэвым и гъуэгуу*
*Мы гъэр Алыхъым къыщIигъэкI!*

Мы къэкIуэну текстыр Щоджэн Хьэзешэ итхыжа вариантщ:

*Ялыхь,*
*Гъатхэ махуэу,*
*Гъатхэ угъурлыуэ,*
*Гъатхэ бэву,*
*Вагъэм хуэмыIэтыр ди мэшу,*
*Гъасэу къитшыжыр щэджищэу,*
*Щэдж къэс ху къэпищэр ди щапхъэу,*
*Нысэу къырашэр Iумахуэрэ*
*ЗыхэIэбэм берычэтыр хиIуэу,*
*Ди Iуэм имыхуэр ди Iэщу,*
*Дызыхуейр къыдэлыжу,*
*Ялыхь, гъэ дызытехьэр*
*УзыншагъэкIэ едгъэхьэкI!*

Лъэпкъ щIэныгъэр фIыуэ зыщыгъуазэ мафIащхьэджэд тхьэлъэIум къытедгъэзэжу псалъэ лей тыжетIыхьынкъым, ауэ щапхъэу къэтхьа хъуэхъум къепха IуэхугъуитI-щым я гугъу дымыщIу дыблэкI хъунукъым.

МахуэщIым хуэзэу унагъуэм жьэгуу яIэм хуэдиз Iэнэ къагъэувырт, дэтхэнэри ***тхьэлъэIу шхыныгъуэхэмкIэ*** къаузэдырт. ЖьэгужькIэ зэджэм и пащхьэ къит Iэнэрт хугурэ шыгъурэ зэхэпхъауэ илъу щэкIыщхьэ зытеубгъуа фалъэр зытетыр; абдежт щыпэ хъуэхъури щагъэIур. Шхыныщхьэр *тхьэлъэIу мэжаджэкIэ* зэджэрат. «Тхьэм зэпэмыбж и щIасэщ» жыхуаIэрщи, мэжаджэр щы, блы е бгъу хъун хуейуэ ягъэувырт. *ХугукIэ* жаIэрти, илъэс блэкIам къыщIэна гъавэрт ар къызыхащIыкIыр. Мэжаджэр япщэфIын ипэ къихуэу унагъуэм къахыхьагъащIэ нэрыбгэр (е, апхуэдэ щымыIэмэ, цIыхубз ныбжьыщIэу яхэсыр) жьэгу пащхьэм кърырагъэшалIэрти, хугукIэ фалъэм хагъэIэбэрт, зэIрагъащIэрт. Абы иужькIэ ар Iуэм яхьырти, Iэщхэм трапхъэрт, губгъуэм дахырти, щIым щрапхъыхырт. Къыдэхуар ерыскъыпхъэм халъхьэрти, тхьэлъэIу шхыну ягъэхьэзырырт. Лъхуэн-пIэныр къызыпэщылъ нысащIэм е цIыхубз ныбжьыщIэм илъэс блэкIам хъуэхъу зытражыIыхьа гъавэм хэIэбэмэ, лъхугъэ щымыщIэну, щIэблэ иIэну я фIэщ хъурт, езыми, угъурлыгъэкIэ щыгугъхэрти, зыхэIэба гъавэм берычэт хиIуауэ къызыфIагъэщIырти, Iэщым трапхъэмэ – бэгъуэну, къызыхэкIа щIым хапхъэжмэ – бэв къадэхъуну къащыхъурт. «Бэв теIуа хъунщ» жаIэрти, хугукIэр жылапхъэми хагъэщащэу щытащ.

Мыбдеж жыIэн хуейщ жьэгу пащхьэм япэу пэраша нэрыбгэмрэ и псэуэгъумрэ я цIэкIи хъуахъуэу зэрыщытахэри:

*Я Алахь!*
*Жьэгу пащхьэ махуэ яхуэщI,*
*Я жьэгу пащхъэр берычэтым и епсыхыпIэ щIы,*
*Выжьгъашхэ щагъавэу,*
*Гъэлъэхъу пшэр щымыщIэу,*
*Гуэгушыхъум и кIуапIэу,*
*ХьэщIэу къихьэр мылъытэу,*
*Лъапэ махуэ кърахьэу,*
*Мылъытэжыр я шыгъу-пIастэу,*
*МэжэщIалIэ къихьэмэ зыщагъэнщIыжу,*
*Я берычэтым хэмыщIу,*
*Зы хэщIамэ пщIы хэхъуэжу*
*Жьэгу пащхьэ бэв щIы,*
*Тхъэгъуэр я унагъуэм имыкIыу,*
*Ялыхь, гъэ минкIэ гъэпсэухэ!*
*Ар зыфIэмыфIым и унагъуэбжэм дрегъэгъэзеиж!*
*Ялыхь, жагъуэгъуншэ умыщI,*
*Жагъуэгъум зэрыжаIи умыщI,*
*БлэкIыр къехъуапсэу,*
*ПщIантIэм къыдэплъэмэ дагъэмэ къыдихыу*
*Ерыскъым и кIуапIэ щIы!*

Хъуэхъур къыхэзыдзэр цIыхубз нэхъыжьырт. Хъуэхъу псалъэр и кIэм зэрынэсу дагъэ ткIуэпситIщы жьэгу мафIэм пэрыгъэткIуэныр хабзэт.

Иджыри зы Iуэхугъуэ: Iэнэм Iэмалыншэу тралъхьэхэм ящыщт гъущIхэкIри. ГъущIым нэтемыгъахуэ нэщэнэ иIэт. Абы техъуэхъухьэрт, хадэ-щIапIэхэм, губгъуэхэм яхьырти, щIым щыщIатIэжырт. Пасэрейхэм къазэрыфIэщIымкIэ, абыкIэ гъавэр нэ бзаджэмрэ къару бзаджэмрэ щыхъума хъунут.

ТхьэлъэIур Iуэхугъуэу зэрызэхэтым и зэщIэн къарур хъуэхъум псалъэу хэтми щIегъэхуабжьэ: Iуэху щIэгъуэ къэс пэджэж псалъэ хъуэхъум хэлъщ.

ТхьэлъэIу шхыным хуэдгъэзэжынщи, къыхэдгъэщынщ абыи пщIэ зэриIар. Ар псоми зэрызыIуагъэхуэным хущIэкъухэрт. *«ШхыныкIэр хъуэхъушэщ, фIыгъуэ Тхьэм къытхудигъакIуэ»*, – жаIэурэ ерыскъыпхъэхэм хагъэщэщэжурэ щIэрыщIэу япщэфIыжырт. Хъуромашэ къежьа щIалэгъуалэми зэрахуэупсэу щытари а тхьэлъэIу шхынырщ. Игъуэу къыдолъытэ *мулид шхынщ, хъуэхъу тражыIыхьащ* жаIэу ягъэлъапIэу цIыхубз нэхъыжьхэм хьэдэIус хуэIухуэщIэхэм, мулидхэм ирахыу Iэнэм телъа шхынхэкI гуэрхэр, Iэбжьэ хуэдиз хъуну зэхэкIутауэ хугурэ шыгъурэ я унэ яхьу нобэми къызэрекIуэкIыр дигу къэдгъэкIыжыну. Ари бэвыгъэ *къэзышэ* нэщэнэщ. Мыри гъэщIэгъуэнщ: хъуэхъу зытеIукIа Iэнащхьэм телъа IэрыIыгъхэрщ шыгъумрэ хугумрэ зыкIуэцIагъэщащэр.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*

Тхыдэ • Сабийхэм папщIэ

# Мывэ джей пIащIэхэм къыхэщIыкIа унэхэр

КАВКАЗ лъэпкъхэм яхъумэ пасэрей щIэинхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ зиIэхэм хабжэ дольменхэр. Сыт дольменыр зи щIысыр? Ар мывэ джей пIащIэхэм къыхэщIыкIа унэ цIыкIухэрщ - испы унэкIэ дызэджэрщ. Ахэр я щIэинщ пасэрей адыгэ-абхъаз лъэпкъхэу илъэс мини 5 и пэкIэ псэуахэм. Аращ а лъэпкъхэр зэрыс щIыналъэхэм къыщIыщагъуэтари. Мыр Урысей Федерацэм и щэнхабзэм и беягъышхуэщ. Мывэ джей фэеплъхэм нобэ Абхъаз Республикэм, Краснодар крайм, Адыгэ Республикэм уащрохьэлIэ. Сэ слъэгъуахэм ящыщщ АР-м и Хьэджэхъу дольмен гупым хабжэ испы унэхэр. Ахэращ Адыгейм щынэхъ цIэрыIуэр, турист нэхъыбэм ялъагъур. Хьэджэхъу дольменхэр Каменномост жылэм дэтщ. Гъуазэрыплъ щыIэхэр нэхъ инщ, ауэ щIыпIэкIэ зэрынэхъ жыжьэм къыхэкIыу, псори нэсыфыркъым. Абыхэм я ныбжьыр ди эрэм и пэкIэ илъэс минищым икухэм къыщежьэу хуагъэфащэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мывэ джей унэхэр куэд хъужыркъым. Нэхъапэм абыхэм я бжыгъэр 300-м нэсырт. Археологхэм иджыпсту зэфIагъэувэжыну иужь итщ абыхэм ящыщу зэтещэхахэр.

Шэч къызытумыхьэнщ КIахэ Кавказым къыщагъуэта испы унэхэр пасэрей адыгэ-абхъаз лъэпкъхэм (абазэхэм, абхъазхэм, убыххэм, кIахэ адыгэхэм, шапсыгъхэм) я Iэдакъэщэкlыу зэрыщытыр. КъуэкIыпIэ - Ищхъэрэ Кавказым щыIэ испы унэхэр псори зэхэту мини 2-м нызэрохьэс, абы щыщу 100-м щIигъум Абхъазым ущрохьэлIэ, адрейхэр псори Адыгэ Респуликэмрэ Краснодар хэгъэгумрэ щыIэщ.

Мы унэхэр зыджа щIэныгъэлIхэм гу лъатащ дольменхэм я нэхъыбэм я гупэр дыгъафIэ лъэныкъуэмкIэ зэрыгъэзам. Испы унэхэр а щIыкIэм тету щIащIыр, зэращI щIыкIэр иджыри нэсу къахутакъым. Абы теухуауэ щIэныгъэлIхэм Iуэху еплъыкIэ зыбжанэ яIэщ. Псалъэм папщIэ щIэныгъэлI, къэхутакIуэ зы гупышхуэм зэдэарэзыуэ къызэдащтащ мыпхуэдэ еплъыкIэ: дольменхэр иныжьхэм яухуащ, цIыху хэмыхъуэ цIыкIухэм я лIакъуэм шынагъуэмрэ уэлбанэмрэ зыщыщахъумэн хуэдэу. А цIыху хэмыхъуэхэр гуащIэмащIэти, псэуалъэ яухуэну я къару хурикъуртэкъым, таурыхъхэм къызэрыхэщыжымкIи, уеблэмэ ахэр апхуэдизкIэ цIыкIути, тхьэкIумэкIыхьхэм шэсырти, абыкIэ зэхэзекIуэрт. Абыхэм зэреджэр испыт, арауэ къалытэ «испы унэ» фIэщыгъэцIэр къызыхэкIари.

## Хэт а испы хъужыр? Сыт хуэдэу ахэр IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжыр?

«Адыгэ мифологием и энциклопедие» тхылъым зэритымкIэ, ахэр Нарт эпосым хэт цIыху цIыкIужьей лъэпкъыгъуэщ. Я цIыкIуагъым емылъытауэ, испыхэр хуабжьу къарууфIэт, губзыгъэт, акъылышхуэ ябгъэдэлът, лIыгъэшхуэ яхэлът, пагэхэт. Щхьэхуитыныгъэр я нэрыгъыу, къызыфIэщIыж хьэл яхэмылъу эпосым къыхощыж.

Испыхэр шы папщIэу зытесыр тхьэкIумэкIыхьт, иныжьхэр лIыщIэу ягъэлажьэрт. Я тхьэмадэ жьакIэхур я пашэу ахэр къуршым щыпсэурт, я быдапIэхэмрэ испы унэ цIыкIухэмрэ ису. IуэрыIуатэм къызэрыщыхьамкIэ, испыхэр лъэпкъкIэ НэщIгъущIыдзэм къытекIащ.

Испыхэм я псэукIэр нартхэм я псэукIэм ещхьщ. Абыхэм хуэдэу мэщакIуэ, щIыгур ялэжь, Iэщ ягъэхъу; языныкъуэ нартхэм хуэдэуи испыхэр тхьэпэувщ (тхьэпэщIэтщ). Испыхэмрэ нартхэмрэ яку зэзэмызэ зэныкъуэкъу къыдохъуэ.

Псалъэм папщIэ, испы пашэм Сэтэнейр ехь, нартхэм ар хуит къыщащIыжым, испыхэм я быдапIэр зэтракъутэ, зыдыгъуар яукI. Ауэ чынтхэмрэ нартхэмрэ яку дэлъ зэбииныгъэм хуэдэ испыхэмрэ нартхэмрэ зэхуаIэкъым.

Абы къыщымынэу, испыхэр нартхэм сэбэп яхуохъу: гъубжэ зэращIыр ирагъащIэ, нэчыхькIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ. Испыпщым и пхъур нарт Хъымыщ фызу къешэ. Абы ипэ къиххуэу испы пщащэм Хъымыщ псалъэ Iех «мыгъуэ цIыкIу» жиIэу зэи къыжримыIэну. Шхын гъэхьэзырыным куэдрэ пэрыта и фызым «мыгъуэ цIыкIур» къыжьэдэхуу щыжриIэм, зи псалъэ зымыгъэпэжа Хъымыщ къигъанэри, сабийр ныбэрылъу испы-гуащэр икIыжащ.

ЩIалэ цIыкIур къыщыхъум (ар нарт лIыхъужь Батрэзт), и быдзышэ Iуимыгъахуэу, нартхэ яритыжащ. Батрэз и анэбыдзышэм щыщ зы Iэпхъуалъэ из Iухуауэ щытамэ, дунейр жыхьэнмэ ищIыфын хуэдизу къару иIэнут. Нартхэ я фыз Iущу Вакъуэ Нанэ, Батрэз къану зратар, испыгуащэм и чэнджэщхэмкIэ сабийр ипIащ. IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, испыхэр я пагагъэм къыхэкIыу, Тхьэм игъэкIуэдащ. Испыхэр щыкIуэдыжым, тхьэкIумэкIыхьхэр лъэхъауэ къагъэнати, аращ ахэр иджыри къыздэсым пкIэуэ-лъэуэ къыщIажыхьыр. Мис аращ IуэрыIуатэм жиIэр.

## Кхъэлэгъунэ

Дольменхэр зи щIысым теухуа еплъыкIэ зыбжанэ зэрыщыIэм и щапхъэу къэтхьынщ мыри. Языныкъуэхэм къызэралъытэмкIэ, дольмен хъужыр кхъэлэгъунэщ, иджыри я псэр пыту цIыхухэр абы щылIэн щхьэкIэ кIуэурэ щIэтIысхьэу щытауэ. Апхуэдэ лъэбакъуэм тегушхуэфынур жылэм пщIэшхуэ щызиIэ цIыхухэрт (гупым я пашэхэрт, лъэпкъым и тхьэмадэхэрт, лIыхъужьыгъэкIэ адрейхэм къахэщахэрт, н.къ.).

Апхуэдэ цIыхухэм я унафэкIэ, зи блынхэри унащхьэри мывэ джей пIащIэхэм къыхэщIыкIа, зы пэш фIэкIа мыхъу унэ ирагъэщIырт. А хабзэм къежьапIэ хуэхъуар нарт Бэдынокъуэ и адэр зэригъэпщкIуам теухуа хъыбарыжьым къыщылъыхъуэн хуейщ. Дызэрыщыгъуазэщи, Бэдынокъуэ и адэр Жьыгъэибг щидзын хуейт, ар зекIуэ ежьэхэм ядэмышэсыфу, щакIуэ мыкIуэфу, икIэрауэ унагъуэм къыщымысэбэпыжыфу жьы зэрыхъуам щхьэкIэ. Арат нартхэм я хабзэр. Ауэ Бэдынокъуэ апхуэдэу ищIакъым икIи и адэр игъэпщкIури, псэууэ къигъэнащ. Дэнэ ар абы щигъэпщкIуар? Кхъэлэгъунэм ещхьу, блын джабиплIрэ унащхьэрэ зиIэ мывэ унэрщ. Ар пэж дыдэу кхъэлэгъунэт икIи Псатхьэм щымышынэу зы цIыху абы еIусэфынутэкъым. Мис ар япэ дольмену щымытауэ хэт жызыIэфынур? ИужькIэ мывэ джейхэм къахэщIыкIа унэм ису нарт Бэдын и чэнджэщ IущхэмкIэ цIыхухэм ядэIэпыкъуащ, лъэпкъым къытепсыха мыгъуагъэ куэдым къригъэлащ. Бэдынокъуэ и щэхур адрей нартхэми къыщащIэм, абыхэм зыханащ жьы хъуа я адэхэр бгым щадзын хабзэр икIи абы и пIэкIэ дольменхэр ухуэн къаублащ, жьы хъуахэр я ажалыр къэсыху апхуэдэ унэхэм щIэсыну езы нэхъыжьхэм унафэ къызэращтам къыхэкIыу.

ГъэщIэгъуэнщ, ауэ иджырей цIыхухэм яхэтщ а испы унэхэм уэгум къыхэкI къару ябгъэдэлъу зи фIэщ хъухэр. Шэч къызытумыхьэр зыщ, абы и щIыпIэм ущитым деж даущыншэ хъу дунейм уи гупсысэр куэдым зэрыхуишэрщ, къару нэрымылъагъу гуэр уиIэу къызэрыпщигъэхъурщ.

КъыхэгъэщыпхъэщфIэщхъуныгъэмрэ абы пыщIа хабзэу цIыхухэм зэрахьэмрэ иджыри къыздэсым и кIэм нэсу зэрамыджар, езы испы унэхэми ещхьу. Иджырей археологхэр а Iуэхум епха хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм щыIуукIэ, гъэщIэгъуэну тотхыхь, ауэ къагъуэтахэр зэпхам щхьэфэду фIэкIа лъэIэсыркъым. Апхуэдэу щытми, дольменхэм къапкърокI ахэр зыщIауэ щыта лъэпкъхэм я щэнхабзэ псэкупсэм теухуа хъугъуэфIыгъуэ куэд, къыдагъащIэ а цIыхухэр ухуэныгъэм хэзагъэу, гъущIми, къупщхьэми, мывэми, ятIагъуэми я щэхухэм щыгъуазэу зэрыщытар.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**,
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*







# ЦIыкIугъафIэ

Щхьэлыкъуэ сабий сад №1-р къэзыуха цIыкIухэм гъэфIэж пшыхь хуащIащ. НыбжьыщIэхэр усэ къеджащ, уэрэд жаIащ, къэфащ, теплъэгъуэ кIэщIхэри ягъэхьэзыращ. ГъэсакIуэхэм ахэр псалъэ гуапэкIэ, ущие дахэкIэ гъуэгу трагъэуващ. ПэщIэдзэ школыр къызыпэплъэхэм захуигъэзащ сабий садым и унафэщI Иуан Агнессэ.

- ЦIыкIухэ, фэ иджы нэхъ балигъ фыхъуащ. Фи гъэсакIуэхэм куэд къывагъэщIащ, фаунэтIащ. ФIыуэ феджэ, лъагъунлъагъу фыкъакIуэ, нэмыс зыхэвгъэлъ, фи зэфIэкIхэм хэвгъахъуэ! - жиIащ абы.

Сабийхэм я гум хъуэпсапIэхэр ираубыдэурэ шар зэмыфэгъухэр уафэм ягъэлъэтащ.

**НАФIЭДЗ Данэ**.



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ «Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.039
Заказ №1132